



---

## **Lwa Konsènan Edikasyon Moun ak Andikap la (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA)**

---



**800-825-5736**

[www.fndusa.org](http://www.fndusa.org) | [fnd@fndusa.org](mailto:fnd@fndusa.org)

*“Lite pou moun ak andikap  
yo patisipe menm jan ak tout moun  
nan yon sosyete san baryè.”*

# KONSÈNAN NOU

Pwogram Sant Fòmasyon ak Enfòmasyon ou Paran (Parent Training and Information, PTI) nou an, ki te resevwa finansman nan Biwo Pwogram Edikasyon Espesyal (Office of Special Education Programs, OSEP), nan Depatman Edikasyon Etazini a, ede garanti paran timoun ki gen diferan andikap sou IDEA a, moun k ap defann dwa yo, ak pwofesyonèl ki travay ak yo a jwenn fòmasyon ak enfòmasyon yo bezwen pou prepare non sèlman pou lekòl, men pou elèv ak andikap yo kapab viv yon vi pwodiktif ak otonòm nan tout mezi li posib.



Pwogram sa a ofri sèvis PTI pou konte sa yo:

**Alachua, Baker, Bay, Bradford, Calhoun, Clay, Columbia, Dixie, Duval, Escambia, Flagler, Franklin, Gadsden, Gilchrist, Gulf, Hamilton, Holmes Jackson, Jefferson, Lafayette, Leon, Levy, Liberty, Madison, Marion, Nassau, Okaloosa, Putnam, Santa Rosa, St. John's, Suwannee, Taylor, Union, Volusia, Wakulla, Walton, ak Washington.**



*Pwogram sa a ofri sèvis PTI pou konte sa yo:* **Brevard, Citrus, De Soto, Hardee, Hernando, Highlands, Hillsborough, Indian River, Lake, Manatee, Okeechobee, Orange, Osceola, Pasco, Pinellas, Polk, Sarasota, Seminole, St. Lucie, ak Sumter.**



*Pwogram sa a ofri sèvis PTI pou konte sa yo:* **Broward, Charlotte, Collier, Glades, Hendry, Lee, Martin, Miami-Dade, Monroe, ak Palm Beach.**

# Ki sa IDEA ye?

Lwa Konsènan Edikasyon Moun ak Andikap la (Individuals with Disabilities Education ACT, oswa IDEA) se yon lwa federal ki kontwole kijan eta yo bay sèvis edikasyon espesyal pou timoun ak andikap yo. IDEA kouvri bezwen edikatif timoun yo depi yo fèt jiskaske yo gen de (2) zan. Chak Depatman Edikasyon Eta, ki rele “SEA-State Educational Authority” oswa “Otorite Edikasyon Eta”, ak distri lekòl piblik lokal yo, ki rele “LEA-Local Educational Authority” oswa “Otorite Edikasyon Lokal”, travay pou ofri sèvis pou timoun ak fanmi yo. Pati IDEA kouvri yo la a se: Pati C - Sèvis Entèvansyon Bonè (depi timoun nan fèt jiskaske li gen twa (3) zan), bay Ajans kominotè Eta a, ak Pati B - ki rele sèvis pou timoun nan laj pou ale lekòl (apatide twa (3) zan jiska ven tan), Depatman Edikasyon ofri. Malgre Pati C ak Pati B yo se seksyon pifò moun konnen nan IDEA, gen kat (4) pati nan lwa a:

**Part A** Dispozisyon Jeneral. Pati sa a eksplike definisyon, objektif, kritè, ak kalifikasyon.

**Pati B** Asistans pou Edikasyon Tout Timoun ak Andikap  
Pati sa a dekri kijan eta a pral bay yon edikasyon gratis ak apwopriye pou tout timoun ki gen andikap epi k ap antre nan sistèm lekòl la depi yo gen twa (3) zan jiskaske yo gen venteyen nan.

**Part C** Tibebe ak Timoun Piti ak Andikap Pati sa a kouvri kijan ajans eta yo pral idantifye timoun ki gen andikap epi yo bay sèvis yo.

**Part D** Diskite aktivite pou amelyore edikasyon timoun ak andikap yo.

Lwa pou Moun ak Andikap la (Individuals with Disabilities Act) detaye objektif li yo epi li presize egzijans pou chak eta ak kijan yo dwe respekte sèten kondisyon pou bay sèvis pou timoun yo ak fanmi yo:

**Jwenn Timoun:** Distri lekòl yo responsab pou jwenn ak idantifye tout timoun ki gen andikap nan distri yo.

**Kalifikasyon:** IDEA defini yon timoun ki gen andikap tankou: “Yon timoun ki satisfè kritè nan youn oswa plis kategori andikap, epi ki bezwen ki enstriksyon ak sèvis ki asosye yo kreye espesyalman pou timoun ak andikap.” Règ “Pa Refize Pèsòn” nan di tout timoun ak andikap - kèlkeswa nivo andikap la - gen dwa pou resevwa FAPE (edikasyon piblik ki gratis ak apwopriye).

# Ki sa IDEA ye? (Kontinyasyon)

**Plan/Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP, Individualized Education Program/Plan):** Lekòl piblik yo oblije kreye yon IEP pou elèv andikape ki kalifye pou sèvis sa yo. IEP a bay mete nivo pèfòmans timoun nan, epi li gen ladan yon plan estrateji ak sèvis ki fèt pou satisfè bezwen timoun nan genyen li men. Ekip IEP a kontre chak ane (oswa lè sa nesèsè) pou evalye, diskite, revize ak mete ajou dokiman IEP a. Moun ki fè pati ekip IEP a se paran yo, elèv la (lè li apwopriye), pwofesè edikasyon jeneral, pwofesè ESE, terapès, ak nenpòt moun ki ka bay enfòmasyon ak done sou timoun nan ki itil.

**Sèvis Asosye yo:** Tout sèvis ki nesèsè pou satisfè bezwen edikasyon timoun nan. Sa ka gen ladan transpò, tout sèvis tretman (pou ede ak lapawòl, langaj, terapi okipasyonèl ak / oswa fizik, ak plis toujou), swen ante ak medikal espesifik, aparèy teknoloji ki asiste, sèvis re-adaptasyon ak sèvis sikolojik, evalyasyon, elatriye.

**Edikasyon Piblik Gratis ak Apwopriye (Free and Appropriate Public Education, *FAPE*):** IDEA endike tout timoun ki gen yon andikap gen dwa pou yo patisipe nan yon pwogram edikatif ki pèsonalize pou satisfè bezwen espesyal yon timoun epi prepare yo pou edikasyon kontini, travay, ak lavi otonòm.

**Anviwònman ki gen Mwens Restriksyon Posib:** Youn nan desizyon enpòtan yo se plasman (anviwònman klas la; kalite lekòl la) pitit ou a. IDEA endike tout timoun gen dwa pou yo resevwa edikasyon yo nan yon anviwònman ki gen mwens restriksyon posib (least restrictive environment, LRE) ki apwopriye, epi yo ta pito se ansanm ak timoun nan menm klas ak yo ki pa gen andikap. Yo ka bay yon timoun yo itilize plis èd, teknoloji ki asiste, oswa aranjman pou soutni yo nan edikasyon jeneral. Yo ka retire yon timoun nan salklas edikasyon jeneral yo pou yo ka patisipe nan sesyon terapeitik oswa klas ansèyman espesyalize yo.

**Pwoteksyon Pwosediral: Sa a gen ladan yon seri règleman ki fèt pou pwoteje dwa pou timoun ki gen andikap ak fanmi pou asire timoun nan resevwa FAPE. Sa gen ladan dwa yon paran pou patisipe nan pwosesis desizyon sou edikasyon pitit yo; pou yo patisipe nan devlopman IEP a menm jan ak tout moun ki fè pati ekip la; bay ide yo ak aprann sou estrateji pou zafè disiplin yo itilize; jwenn evalyasyon endepandan ak lajan piblik la; gade nan dosye akademik pitit yo; ak pwosesis pou rezolisyon yo.**

**Tout timoun ka aprann. Rezon nou te kreye IDEA se pou asire tout timoun ki gen andikap jwenn menm opòtinite ak lòt timoun laj yo pou jwenn yon bon edikasyon. Li enpòtan pou w abitye ak objektif ak egzijans sa yo, paske sa pral ede paran yo ak edikatè yo travay ansanm pou satisfè bezwen akademik timoun yo ak asire yo reyisi byen nan lekòl.**

# IDEA Pati C

## Ki sa IDEA Pati C ye?

IDEA Pati C se eleman pou timoun pitit nan Lwa Konsènan Edikasyon Moun ak Andikap la. Pwogram timoun piti pou ti bebe ak timoun piti ak andikap la se yon pwogram gouvènman federal la finanse ki ede nan operasyon yon pwogram entèvansyon bonè konplè nan tout eta a. Entèvansyon Bonè enpòtan pou timoun ki gen andikap yo pou plizyè rezon. Rechèch yo montre lè nou detekte andikap kay timoun bonè, epi timoun nan jwenn sèvis kowòdone nan men yon ekip, sa fè timoun yo gen plis kapasite pou yo konprann, epi tou sa ede fanmi yo vin pi pwòch (lè yo bay yo fòmasyon ak sipò yo bezwen).

Sèvis pou timoun piti kòmanse depi timoun yo fèt epi li fini lè timoun nan gen twa (3) zan. Pwogram Entèvansyon Bonè (Early Intervention Program, EIP) pou tibebe ak timoun te etabli pou:

- **Amelyore devlopman ti bebe ak timoun piti ki gen andikap.**
- **Ede diminye depans pou bezwen espesyal yo.**
- **Minimize chans pou timoun yo fèmen nan yon sant ak bay yo plis chans pou gen lavi otonòm.**
- **Devlope kapasite fanmi an pou satisfè bezwen pitit yo.**

## Kiyès ki Kalifye?

Chèche Timoun (Child Find) se premye eleman nan IDEA Pati C. Pwogram sa a oblije chèche, idantifye ak evalye tout timoun ki gen andikap depi yo fèt jiska venteyen nan, ki bezwen entèvansyon bonè oswa edikasyon espesyal yo. Sèvis entèvansyon bonè gen ladan timoun ki gen reta devlopmanal oswa timoun ki gen yon dyagnostik yon andikap oswa pwoblèm sante ki ka fè yo gen yon reta devlopmanal.

## Kisa yon Plan Sipò Fanmi Endividyèl (Individual Family Support Plan, IFSP) ye?

Yon IFSP se yon dokiman paran yo ak yon ekip espesyalis devlope ansanm. Dokiman sa a bay lis tout sèvis ak estrateji ki nesèsè pou amelyore devlopman yon timoun. Li detaye tou kapasite fanmi an pou ede nan devlopman pitit yo. Si fanmi an bezwen nenpòt fòmasyon sou fason pou ede pitit yo, kalite fòmasyon an ansanm ak moun ki ka bay fòmasyon an ap detaye nan IFSP a.

# IDEA Pati C (Kontinyasyon)


## Kisa nou vle di lè nou di “Anviwònman Natirèl?”

Sèvis entèvansyon bonè yo ta dwe fèt nan anviwònman natirèl timoun nan. Sa vle di sèvis yo ki nan IFSP a ta dwe fèt lakay li oswa yon lòt kote nan kominote a tankou gadri, kay moun k ap gade li, elatriye. Sèvis sa yo dwe fèt yon kote timoun nan swa avèk swa fanmi oswa timoun laj li ki pa andikape. Si yon timoun bezwen resevwa terapi pou pale oswa terapi fizik, terapris la ak paran an ap chwazi kote, lè, ak jou k ap pi bon pou fè seyans terapeitik yo. Sa ka fèt lematen nan gadri oswa lakay la nan apre midi. Y ap mete lè k ap bon an nan IFSP a.

## Ki kalite sèvis mwen pral jwenn?

Aprè yo fin detèmine si fanmi an kalifye, IFSP a pral bay tout detay sou ki sèvis yo pral bay fanmi yo. Men sa ki kapab nan sèvis entèvansyon bonè yo bay ansanm yo:

- Odyoloji
- Evalyasyon Teknoloji ki Asiste
- Konsèy / Sikolojik
- Fòmasyon Fanmi, Konsèy ak Vizit nan Kay
- Evalyasyon medikal
- Nitrisyon ak Rejim Alimantè
- Terapi Okipasyonèl
- Terapi fizik
- Lapawòl / Lang
- Transpò
- Swen Zye



Patisipasyon fanmi ak enpòtan anpil ou yon timoun ak andikap kapab reyisi. Pwogram Timoun Piti dapre Pati C IDEA a asire timoun ak fanmi yo gen bonjan enfòmasyon, sipò ki konsistan, ak sèvis ki nesèsè pou bezwen espesifik ak inik pitit yo.

# Kisa yon IEP ye?

Yon fwa pitit ou satisfè kritè yo jan li presize anba IDEA (Lwa Konsènan Edikasyon Moun ak Andikap), li vin kalifye pou sèvis Edikasyon Elèv Eksepsyonèl (ESE, Exceptional Student Education). Sèvis sa yo ap detaye nan yon dokiman ki rele IEP. Yon IEP (Plan Edikasyon Endividyèl) se yon dokiman ki devlope pou yon timoun ki gen andikap nan sistèm lekòl piblik la. IEP a gen enfòmasyon sou kapasite ak bezwen akademik ak devlopmantral pitit ou a. IEP a gen ladan tou yon seri estrateji, zouti ansèyman, ak enstriman evalyasyon yo itilize pou abòde chak domèn ki bezwen amelyorasyon. Ekip IEP a ap diskite tout desizyon ki enpòtan anpil sa yo pandan yon reyinyon. Moun ki fè pati ekip IEP a se paran yo, elèv la (si sa li apwopriye), pwofesè edikasyon jeneral, pwofesè ESE, terapis, ak nenpòt moun ki ka bay enfòmasyon ak done sou edikasyon pitit ou a ki enpòtan . Nan yon IEP, bagay yo diskite konsènan edikasyon pitit ou a rele domèn. Gen senk (5) domèn nan yon IEP, yo se:

**Kourikoulòm & Aprantisaj:** Ki jan pitit ou a entèprete enfòmasyon ak aprann? Èske pitit ou a satisfè Nòm Eta Solèy (Sunshine State Standards) pa rapò ak nivo klas li. Èske pitit ou bezwen enstriksyon espesyalize oswa yon anviwònman aprantisaj espesifik?

**Kominikasyon:** Kòman pitit ou kominike? Èske pitit ou pale vèbalman, oswa itilize foto, jès, lang siy oswa aparèy pou ede li kominike?

**Fonksyone yon Fason Endepandan:** Kòman pitit ou fè bagay yo yon fason endepandan? Èske pitit ou a fè devwa yo bay li pou fè lakay li oswa travay li nan klas li poukont li? Èske li ka abiye, manje, penyen, fè twalèt, oswa fè yon bagay yo mande li fè poukont li.

**Sosyal/Emosyonèl:** Kòman pitit ou jwe oswa boule ak lòt moun. Ki konpòtman li genyen nan diferan anviwònman (lakay, lekòl, lakou rekreyasyon)?

**Swen Sante:** Èske pitit ou bezwen medikaman chak jou, pwoblèm santi yo bezwen kontwòle, oswa okenn atansyon medikal espesifik? Èske pitit ou a nan yon rejim alimantè espesyal?

- **Swen Sante se sèl domèn ki pa mande objektif, bi oswa nivo pèfòmans nan moman an.**

Pliske IEP a fèt pou satisfè bezwen inik chak timoun, se sèlman domèn ki aplike pou bezwen edikatif pitit ou a k ap nan IEP a.

## Ki kote nivo pèfòmans yo ye nan moman an?

Nan chak domèn ki gen pou wè ak pitit ou a, l ap enpòtan mete pwen fò ak kapasite pitit ou a. N ap jwenn enfòmasyon sa yo nan evalyasyon, egzamen, ak sa manm nan ekip IEP a di. Apresa n ap mete enkyetid apran yo ak obsèvasyon ekip IEP a. N ap itilize tout enfòmasyon sa yo pou kreye bi yo, objektif akoutèm yo, ak pwen referans IEP a.

# Kisa yon IEP ye? (Kontinyasyon)

## Ki sa ki bi, objektif akoutèm, ak pwen referans yo?


Ekip IEP a ap decide sou yon objektif pitit ou an ap kapab reyalize nan fen ane a oswa avan sa. Objektif akoutèm yo se etap mwayèn ak entèmedyè pou reyalize avan objektif prensipal la, epi pwen referans yo se bòn yo. N ap itilize estrateji ak enstriman yo pou fasilite objektif sa yo ki sou IEP a.

## Kisa ki Sèvis Asosye yo?

Sa yo se sèvis sipò ki nesèsè pou ede yon timoun ak yon andikap ak bezwen akademik li. Sèvis sa yo gen ladan yo transpò, konsèy, sèvis sikolojik, odyoloji, sèvis sante ak sèvis medikal, sèvis re-adaptasyon, lapawòl, lang, terapi okipasyonèl ak / oswa terapi fizik, teknoloji ki asiste, elatriye. Timoun ki gen andikap yo bezwen sèvis ki asosye yo pou sipòte bi ak objektif ki nan IEP yo.

Yo ta dwe ekri yon IEP nan yon fòm ki fasil pou nenpòt moun ka li, konprann, epi aplike. Li dwe gen eleman “Kimoun, Kisa, Kilè, Ki Kote, Poukisa, ak Kijan” nan chak domèn. Chak estrateji, evalyasyon, oswa sèvis ki aplike nan IEP a ta dwe mete ki moun ki responsab, ki sa y ap fè, ki lè li ap fèt (ak konbyen fwa), ki kote li ap fèt, poukisa sèvis sa a nesèsè, oswa ki jan sèvis kijan y ap aplike oswa bay sèvis la? Yon dokiman EIP pa janm gen twòp detay.

Tout timoun gen dwa pou yo jwenn yon Edikasyon Piblik Gratis ak Apwopriye (Free and Appropriate Public Education, FAPE). IEP a, dapre direktiv IDEA yo, ede asire chak timoun ki gen yon andikap gen yon opòtinite menm jan ak tout lòt timoun laj yo pou jwenn yon bon edikasyon.





# Sèvis Asosye yo

## Kisa ki “Sèvis Asosye yo”?

Pou timoun ki gen andikap yo ka tire tout sa yo kapab nan edikasyon espesyal, yo nou ofri yo diferan sèvis. Sèvis sa yo rele “Sèvis Asosye yo.” IDEA defini “Sèvis Asosye yo” espesifikman tankou:

“... transpò, ak sèvis devlopman, korektif, ak lòt sèvis ki bay sipò (tankou patoloji langaj ak odyoloji, sèvis sikolojik, terapi fizik ak terapi okipasyonèl, rekreyasyon, tankou rekreyasyon terapetik ak sèvis travay sosyal, ak sèvis medikal ak sèvis konsèy, ki gen ladan konsèy pou re-adaptasyon, eksepte sèvis medikal sa yo dwe sèlman pou fè dyagnostik ak evalyasyon) jan yo ka nesèsè pou edikasyon espesyal.”

Chak timoun gen bezwen edikasyon inik, epi yon fwa yo jwenn yon timoun ki gen yon andikap ki kalifye pou sèvis Edikasyon Elèv Eksepsyonèl, yo devlope yon Plan Edikasyon Endividyèl (IEP). Selon egzamen ak evalyasyon ki fèt yo, ekip IEP a ap decide ki sèvis asosye ki nesèsè pou pitit aprann plis, ak kisa ki pral ede li satisfè bi ak objektif li nan IEP a.

Tout sèvis ki asosye yo dokimante nan IEP a, epi ap genyen detay tankou kalite sèvis ki gen asosye a, moun oswa ajans ki bay sèvis la, ansanm ak dat, kè, ak kantite fwa yo bay sèvis la. Y ap evalye ak revize sèvis ki asosye yo (si sa nesèsè) omwen yon fwa chak ane pandan reyinyon IEP ekip IEP a.

Men kèk egzanzp sèvis ki asosye yo:

- **Odyoloji**
- **Sèvis Konsèy**
- **Sèvis Medikal**
- **Terapi Okipasyonèl**
- **Konsèy ak Fòmasyon pou Paran**
- **Terapi fizik**
- **Sèvis Sikolojik**
- **Terapi rekreyasyon**
- **Sèvis Travay Sosyal**
- **Tretman ak Kominikasyon ak Langaj**
- **Sèvis Transpò**

# Sèvis Asosye yo (Kontinyasyon)

Eta a gen yon responsablite pou ofri yon Edikasyon Piblik Gratis ak Apwopriye (Free and Appropriate Public Education, FAPE) pou tout timoun ki andikape. Sa vle di bay nenpòt ki sèvis asosye ki nesèsè pou timoun nan benefisye nan edikasyon k ap gratis pou apran yo.

## E si pitit mwen an gen yon plan Seksyon 504?

Dapre IDEA a, yon elèv dwe enskri nan edikasyon espesyal pou li kalifye pou sèvis ki asosye yo. Sepandan, règleman Seksyon 504 lan pa egzije pou yon elèv enskri nan edikasyon espesyal pou resevwa sèvis ki asosye yo. Timoun ki gen yon plan Seksyon 504 kalifye pou sèvis ki asosye yo.

Sèvis ki asosye yo pa yon pwogram ki separe ak sèvis edikasyon espesyal yo. Jeneralman se yon ekip ki bay li nan yon lekòl. Enfòmasyon paran, edikatè, ak espesyalis lekòl yo pataje pral ede decide ki sèvis k ap pi bon pou chak grenn timoun. Ekip IEP oswa 504 a pral bezwen patisipe nan nenpòt desizyon konsènan sèvis ki asosye nan plan an. Lè nou bay sèvis ki asosye pou timoun ki gen andikap yo, nou bay yo opòtinite pou yo aprann nan fason inik yo, ede amelyore kapasite yo deja genyen, epi ede elaji kapasite yo pou yo aprann.



# Tranzisyon

Nou tout konn gen chanjman nan vi nou sou plan pwofesyonèl ak pèsone. Menm pandan nou timoun, nou pase plizyè tranzisyon pandan n ap grandi. Lè ou soti nan yon klas pou ale nan yon lòt oswa lè ou soti nan lekòl elemantè pou ale nan lekòl segondè, sa yo se egzanp tranzisyon nou fè lè nou timoun. Antanke paran, , nou ede timoun nou yo ak chanjman sa yo, paske li enpòtan pou nou gen enfòmasyon ak resous pou timoun nou yo konsènan lavni yo. Planifikasyon pou pou avni pitit ou (oswa ak pitit ou) apre lekòl segondè pral bezwen kowòdinasyon ant ekip IEP a, anplwaye lekòl la, fanmi, ak lòt ajans. Tankou pifò bagay nan lavi a, planifikasyon bonè se kle pou reyisi. Malgre Lwa Konsènan Edikasyon Moun ak Andikap la di pwosesis pou tranzisyon an ta dwe kòmanse lè yon timoun gen sèzan, nan eta Florida, nou kòmanse planifye tranzisyon an lè li gen katòzan.

L ap enpòtan pou ou konnen selon definisyon li, IDEA defini Tranzisyon kòm yon gwoup aktivite kowòdone pou yon timoun ki ekri nan IEP a ak yon pwosesis ki oryante anvè yon objektif. Ekip IEP a ap kontinye konsantre sou amelyorasyon kapasite akademik ak endepandan pitit ou a. Sepandan, li gen ladan tou estrateji, sèvis, ak aktivite ki gen plis konsantrasyon sou aktivite apre lekòl, tankou edikasyon kontinye, travay avèk sipò, lavi otonòm, ak patisipasyon nan kominote a. Planifikasyon pou tranzisyon se yon bèl okasyon pou fanmi, zanmi, edikatè, ajans, ak tout kominote a pataje responsablite pou siksè pitit ou a. Paske planifikasyon tranzisyon konsantre sou eksperyans lavi pitit ou a pi lwen pase lekòl segondè, seri kowòdone aktivite yo ta dwe baze sou bezwen bezwen, pwèn fò, enterè, ak domèn pitit ou a bezwen enterè li menm. Yo ka fè yon evalyasyon pou detèmine ki chanjman yo bezwen fè, ak ki sa yo bezwen modifiye oswa ajoute nan IEP pitit ou a.

## Bagay ki Kle pou Planifye yon Bèl Tranzisyon:

- **Planifikasyon bonè - gen ladan konprann enterè pitit ou, patisipasyon ou antanke yon paran jwe yon wòl enpòtan nan reyisit pitit ou.**
- **Evalyasyon regilye - bezwen swiv pwogrè, bezwen, ak preparasyon sipò.**
- **Patisipasyon elèv nan reyinyon IEP yo oswa mete sa yo panse, sa yo atann, ak sa yo swete).**
- **Oto-detèminasyon- prepare elèv yo pou yo konprann tèt yo ak defann dwa yo.**

# Tranzisyon (Kontinyasyon)

- Detèmine opsyon pou diplòm - Paran yo ta dwe resevwa yon eksplikasyon detaye sou tout opsyon diplòm pou patisipe nan pwosesis desizyon an byen.
- Pwogram etid la - sa a se deskripsyon pwogram ansèyman timoun nan ak sipò ki pral fè li jwenn diplòm ki chwazi a, diplòm estanda, oswa diplòm espesyal la.
- Eksperyans nan travay - baze sou enterè ak kapasite pitit ou.
- Edikasyon kontinye - Èske pitit ou enterese kontinye ak edukasyon li? Gade nan pwogram ki pi bon pou bezwen pitit ou a.
- Entèkansyon kominotè - idantifye fason pitit ou ka patisipe nan aktivite kominote a.
- Rezo ak kolaborasyon avèk ajans yo.

Sa yo se eleman kle pou planifikasyon tranzisyon; sepandan, gen anpil bagay yo konsidere lè planifikasyon pou tranzisyon. Keksyon sa yo pral ede nou jwenn bi, objektif ak sipò ki nesèsè pou ekri IEP tranzisyon an.

- Ki sa pitit mwen an vle fè apre lekòl segondè - travay, edukasyon, fòmasyon pwofesyonèl, viv poukont li?
- Ki sipò li pral bezwen?
- Ki sa pitit mwen an renmen fè pou kont li? Ki aktivite an gwoup pitit mwen renmen patisipe nan yo? Kisa pitit mwen fè pou l detann li? Ki aktivite fizik pitit mwen an renmen fè?
- Ki kote pitit mwen pral viv? Èske li ka lwe kay ak lòt moun? Èske l ap ka fè makèt, netwaye, peye bòdwo, oswa jere tan li poukont yo li?
- Èske pitit mwen an ap kapab itilize transpò piblik pou deplase? Èske pitit mwen an konnen ki resous ki disponib nan kominote a ak kijan pou li jwenn aksè nan yo? (Bibliyotèk, rekreyasyon, makèt, klinik doktè, elatriye)
- Èske pitit mwen an ap kapab travay pou kont li oswa avèk lòt moun? Ki kalite sipò li pral bezwen?

Answit, ekip IEP a ap gen pou diskite sou transfè dwa edukasyon paran an bay pitit la Nan Florida, sa rive lè li gen dizwitan.

Asire w ou pale ak pitit ou sou sa li panse sou planifikasyon avni li. Diskite opsyon epi eksplòre posiblite yo ansanm. Pale sou jwenn pwogram ak aktivite nan lekòl la ak kominote a ki enterese li pou li ka patisipe.

# Pwoteksyon Pwosediral

## Kisa li vle di pou Paran yo?

Pwoteksyon pwosediral yo fèt pou pwoteje dwa timoun ki andikape yo ak paran yo. Pwoteksyon pwosediral yo se etap distri lekòl ou dwe swiv pou pwoteje dwa pitit ou pou resevwa sèvis edikasyon espesyal IDEA (Lwa Konsènan Edikasyon Moun ak Andikap la) egzije. Lekòl yo dwe bay yon rezime pwoteksyon pwosediral yo chak ane pou yo konseye yo sou dwa yo.

## Èske n ap bezwen patisipasyon ak konsantman paran yo?

Paran yo dwe patisipe nan pwosesis pou pran desizyon sou edikasyon pitit yo. Yo dwe envite yo nan tout reyinyon yo dwe bay yo plizyè opòtinite pou patisipe nan tout bagay. Paran yo dwe resevwa notifikasyon ak enfòmasyon nan lang natifnatal yo. Paran yo dwe konprann tout sa ki ap fèt, tankou chanjman nan sèvis, plasman, oswa evalyasyon yo anvan yo bay konsantman. Se Pwopozisyon Lwa 1108, ki te pase an 2013 ki kontwole chanjman yo epi kounye li egzije yon siyati paran sou yon fòm separe ki bay konsantman espesifik pou gwo chanjman lavi sou dokiman IEP a.

## Èske mwen ka egzaminen dosye pitit mwen an?

Paran yo ka mande pou yo wè rezilta evalyasyon pitit yo, ak / oswa dosye lekòl yo pou tout ane yo te lekòl yo.

## Èske pitit mwen gen dwa pou pwoteje enfòmasyon prive li?

Tout enfòmasyon konsènan elèv la pwoteje anba Lwa Konsènan Dwa ak Konfidansyalite Fanmi nan Edikasyon (FERPA, Family Educational Rights and Privacy Act). Dosye elèv yo ofisyèl ak konfidansyèl epi paran ka gade dosye yo pou verifye si tout bagay kòrèk. Se sèlman moun k ap bay elèv la sèvis dirèk yo bay enfòmasyon sa yo.

# Pwoteksyon Pwosediral (Kontinyasyon)

## Kisa yon Evalyasyon Edikasyon Endepandan (Independent Educational Evaluation, IEE)?

Paran yo gen dwa a yon Evalyasyon Edikasyon Endepandan si yo pa dakò ak yon evalyasyon ki te fèt nan lekòl la.

IEE vle di se yon evalyatè endepandan ki fè evalyasyon an epi li p ap travay pou lekòl piblik yo. Ki moun ki peye pou IEE a? Si ni paran yo ni lekòl la pa dakò ak rezilta evalyasyon an, lekòl la kapab peye pou IEE a. Sinon, paran yo ka mande yon odyans “pwosedi ofisyèl” kote lekòl la pral bay dokiman pou montre poukisa evalyasyon yo a te apwopriye (Nou diskite pwosedi ofisyèl plis anba la a). Si moun ki responsab odyans la deside evalyasyon lekòl la te bon, lè sa a pran an kapab toujou fè evalyasyon endepandan an, men se yo k ap peye. Si moun ki responsab odyans la santi yon IEE ap pi bon, lè sa a lekòl la ap peye pou evalyasyon an (Evalyatè IEE yo chwazi a dwe satisfè kondisyon ajans piblik la itilize lè li kòmanse yon evalyasyon).

## Kisa yon Avi Alekri Davans ye?

Yon “avi alekri davans” se yon dokiman ki endike nenpòt ki chanjman pwopoze nan sèvis oswa pwogram pitit ou resevwa nan lekòl la. Yo dwe voye avi pou bay enfòmasyon sayo bay paran yo alekri avan yo aplike chanjman yo. Yo dwe endike chanjman ki pwopoze nan plasman oswa salklas, kategori oswa idantifikasyon andikap la, egzamen ak evalyasyon, ak tout chanjman ki pral afekte metòd enstriksyon, pwogram, ak sèvis pitit ou a resevwa. Si yon paran pa resevwa avi alekri sa a, yo gen dwa mande youn. Si yon paran fè yon demann alekri pou chanjman nan nenpòt metòd enstriksyon, pwogram oswa sèvis ki afekte dokiman IEP yo deja genyn an ak fason yo bay FAPE a, ekip IEP a dwe bay paran an yon avi ekri ki mete rezon yo aksepte oswa refize demann yo. Li dwe gen ladan yon deskripsyon sou kijan lekòl la kapab sipòte rezònman ki dèyè chanjman ki pwopoze yo oswa refi yon demann. Dokiman sa a enpòtan kèlkeswa sa rezilta a ye. Li bay yon dosye dokimante oswa delè ki pral ede paran yo nan reyinyon medyasyon, oswa pwosedi ofisyèl IEP pi devan.

## **Kijan lekòl yo disipline timoun yo?**

Paran yo sipoze resevwa yon avi konsènan pwosedi disiplin nan men lekòl yo. Chak lekòl gen yon kòd kondwit oswa yon liv enfòmasyon lekòl la ki endike pozisyon lekòl la sou zafè disiplin. Nenpòt kilè y ap disipline timoun nou yo nan lekòl la, yo dispoze mete nou okouran aksyon an, dat la ak lè a, kote a, non tout moun ki la ak enplike pandan ensidan an, pa yo te pran, ak kijan yo te fè disiplin nan. Tout detay yo dwe ekri byen klè.

## **Kisa Medyasyon ak Pwosedi Ofisyèl ye?**

Si kominikasyon ant ekip IEP a pa te efikas, yo ka bezwen yon moun endepandan pou ede rezoud pwoblèm nan yon fason amikal. Si, apre yo swiv pwosesis IEP a nèt, toujou gen diskisyon yo poko rezoud, apresa nou mèt kontinye ak pwosedi ofisyèl. Paran yo dwe gen tout dokiman pou kore pwoblèm yo epi yo di sa yo genyen an yon fason efikas. Yo dwe fè yon demann pou pwosedi ofisyèl nan dezan apre demann pou odyans la. Fòm pwosedi ofisyèl la dwe detaye nan mezi li posib, ak tout enfòmasyon elèv la ladan. Yon deskripsyon klè sou pwoblèm lan dwe gen ladan tou tout efò pou rezoud pwoblèm nan. IDEA egzije pou voye pwoteksyon pwosediral nan ki nan lwa a bay paran yo omwen yon fwa chak ane. Rezon yo mande sa se pou ranfòse reprezantasyon ak patisipasyon paran yo nan pwosesis pou pran desizyon an, ansanm ak amelyore kapasite yo pou defann dwa pitit yo. Paran yo ak edikatè yo kapab, epi yo ta dwe toujou travay an kolaborasyon. Lè paran ak edikatè yo byen enfòmè, pwosesis pou pran desizyon vin pi pwodiktif anpil paske pa gen konfizyon oswa malantandi nan reyinyon yo. Tanpri kontakte lekòl pitit ou a pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou resevwa yon kopi pwoteksyon pwosesiral yo.

# Reyaksyon ak Entèvansyon (Response to Intervention, Rtl)

## Ki sa Rtl ye?

Tout timoun aprann yon fason diferan epi yo gen yon estil aprantisaj yo pi pito. Kèk timoun gen difikilte nan klas yo epi yo ka pa ka gen pwoblèm ak lekti oswa matematik, oswa lòt matyè. Rtl, oswa Reyaksyon ak Entèvansyon, se yon pwosesis twa (3) nivo ki evalye kijan timoun yo reponn ak chanjman nan enstriksyon (“entèvansyon”). Li ede yo idantifye yon elèv ki ka bezwen plis atansyon. Yo pral devlope yon plan aksyon ak yon seri rechèch ki baze sou estrateji epi itilize li nan salklas la pou ede elèv ki gen difikilte pou ratrape ak kamarad klas yo reyisi nan lekòl.

## Kiyès ki kalifye pou Rtl?

Tout timoun ka patisipe nan pwosesis Rtl la. Pa gen okenn kritè espesyal pou satisfè. Tout elèv gen yon evalyasyon inivèsèl pwofesè yo fè sou yo. Anpil elèv ka pa bezwen plis entèvansyon, men y ap kontinye swiv yo pou garanti yo pa dèyè ak Nòm Eta Solèy la.

## Kouman Rtl travay?

Pwosesis Rtl a fèt ak twa (3) nivo entèvansyon syantifik sou enstriksyon ak konpòtman ki baze sou rechèch. Nivo yo ogmante ofiramezi pou satisfè chak bezwen timoun nan. Gen yon sistèm twa (3) nivo pou estrateji akademik ak estrateji konpòtman. Pandan tout pwosesis la, y ap kontinye kolekte done pou swiv timoun nan ak asire li pa dèyè nan ak Nòm Eta Solèy la.





## Sistèm Twa (Nivo) a:

**Nivo 1:** Idantifye bezwen yo: Pwofesè a fè yon evalyasyon inivèsèl pou wè si gen nenpòt timoun ki gen risk pou gen difikilte ak pa satisfè nòm eta a. Pou fè sa, li kapab evalye devwa eta a ak devwa nan klas la, oswa bay tout elèv yo yon tèst evalyasyon akademik pou nivo klas yo. Si yon timoun pa make ase pwèn, y ap idantifye li kòm yon timoun ki bezwen plis entèvansyon akademik oswa konpòtmantal. Pifò timoun yo rete nan nivo a toutotan yo kontinye satisfè Nòm Eta Solèy la pou nivo klas yo.

**Nivo 2:** Apre yo idantifye yon timoun gen difikilte, yo antre nan nivo 2, ki vle di pwofesè yo ak paran yo ka travay ansanm pou idantifye pwèn fò espesifik ak kote li bezwen amelyorasyon. Sa mande pou yo swiv pwogrè timoun nan ak rezilta evalyasyon yo plis. Gen kèk estrateji yo ka itilize pou ede anpeche timoun nan gen plis pwoblèm nan klas li toujou.

**Nivo 3:** Nan nivo sa a, apwòch pou entèvansyon an pi fò toujou. Y ap fè plis evalyasyon oswa tèst dyagnostik epi y ap swiv konpòtman ak pwogrè pitit ou ap plis toujou. Y ap eseye estrateji ki pi fò ak entèvansyon fas-a-fas. Nan tout nivo, y ap fè siveyans, koleksyon done, ak entèvansyon.

Y ap bezwen paran yo ak ekip lekòl la kolabore ansanm pou swiv, devlope, ak aplike pwosesis Rtl a. Yo ta dwe mete paran yo okouran pwosesis Rtl a, epi mande pou yo di pwèn fò pitit yo ak kote yo bezwen èd yo.

Pwosesis Rtl a pa ranplase pwosesis evalyasyon pou sèvis edikasyon espesyal la. De (2) sèvis sa yo separe epi yo youn travay ak lòt. Yo ka itilize Rtl avan pou idantifye bezwen aprantisaj espesifik kay yon timoun. Sepandan, si yon paran santi pitit li gen yon andikap pou aprann, yo ka mande yon evalyasyon alekri, epi pwosesis evalyasyon swasant jou a ap kòmanse apre li resevwa demann sa a, menm si pwosesis Rtl a te deja kòmanse. Yo pa bezwen fini ak pwosesis Rtl a pou fè yon evalyasyon.





# Swiv-'Renmen'-Gade-Twit



FamilyNetworkonDisabilities



FNDUSA



@FND\_USA

Telechaje aplikasyon nou an!

**FND Disability Resources**



---

## KONTAKTE NOU pou jwenn plis enfòmasyon



### Rezo Fanmi sou Andikap (Family Network on Disabilities)

2196 Main St. • Suite K  
Medley, FL 34698

Telefòn: **800-825-5736** oswa **727-523-1130**

Faks: **727-523-8687**

Imèl: **fnd@fndusa.org**

Sitwèb FND: **www.fndusa.org**

---

Sa yo ki nan materyèl nou yo te devlope grasa yon bous Depatman Edikasyon Etazini te bay, #H328M150043, #H328M150042 ak #H328M150041. Men, sa yo ki ladan an pa nesèsèman reprezante regleman Depatman Edikasyon Etazini, epi ou pa ta dwa sipoze Gouvènman Federal la andòse yo.  
Responsab Pwojè a: Greg Knollman.